

Biwo Règ ak Estanda Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan DCA se yon vwa ki angaje li nan gouvènman Minisipalite vil la pou travayè yo. Ak yon responsablite pou ede travayè li fasil pou yo abize yo, OLPS akeyi manda nou pou konsantre sou bagay ki afekte imigran, moun ki pa blan, ak fanm nan travay la.

OLPS:

- **Aplike** lwa travay minisipal kle yo.
- **Òganize** rechèch orijinal, sansibilizasyon, ak edikasyon.
- **Devlope** règleman ki adapte ak ekonomi ak mendèv Vil New York k ap chanje a.



Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòk pou kreye kominote kap devlope. Atravè travay Biwo Regleman ak Estanda Travay nou an, DCA ede fanmi k ap travay yo vin otònòm kote li ofri yo zouti ak resous yo bezwen pou yo kapab reyalize endepandan finansyè ak ekilib ant travay ak vi pèsònèl yo.

## Resous

### Egzanp Kontra


DCA te kreye modèl kontra ki konfòme ak la lwa pou moun k ap anboche travayè ak travayè endepandan yo kapab gade. *Tanpri ale sou [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca).*

### Resous pou ti Biznis

Ale sou [nyc.gov/business](http://nyc.gov/business) pou jwenn plis enfòmasyon sou regilasyon biznis ki komen ak pou jwenn aksè ak resous pou ede biznis ou.

### Resous pou Travayè Endepandan

Minisipalite vil la ofri sèvis gratis ak bon mache, tankou asirans sante, konsèy finansye, ak preparasyon taks, pou moun ki kalifye. Ou kapab voye travayè endepandan ou yo gade resous sa yo nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca).



Èske ou  
Anboche  
Travayè  
Endepandan?  
Chèche Konnen  
Lwa Vil  
New York yo

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole



Si ou anboche yon travayè endepandan nan Vil New York, ou gen yon responsablite jiridik pa rapò ak lwa Travay Endepandan pa Gratis (Freelance Isn't Free Act), ki te antre anvigè 15 me 2017 la. Ou kapab kontakte Biwo Règleman ak Estanda Travay nan Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) si ou gen kesyon konsènan lwa a.

DCA te kreye apèsi sa a pou enfòmè ou sou responsablite ak resous enpòtan ki genyen.

Pou plis enfòmasyon, rele 311 epi mande pou "Freelance Workers" oswa vizite [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca)

## Ki Moun k ap Anboche ki Kouvri?

Yon **moun k ap anboche** se nenpòt moun eksepte yon ajans gouvènman, ki bay yon travayè endepandan travay.

## Ki Travayè Endepandan ki Kouvri?

Yon **travayè endepandan** se nenpòt moun ou anboche oswa pran pou travay kòm yon kontraktè endepandan pou ba ou sèvis w ap peye li pou fè. Kèk nan sektè ki plis itilize travayè endepandan gen ladan yo:

- fim ak videyo
- konsepsyon grafik ak sitwèb
- kontra ak reparasyon kay
- medya
- fotografi
- tradiksyon

### Eksepsyon:

Sèten reprezantan lavant, avoka, ak pwofesyonèl medikal ki gen lisans pa fè pati definisyon travayè endepandan an.

Jeneralman lwa a pa t ap aplike pou travay yo fè nan yon kontra negosyasyon kolektif ki defini travayè yo kòm anplwaye.

### Anplwaye oswa kontraktè endepandan?

Si yon travayè se yon "kontraktè endepandan" oswa yon "anplwaye" depann selon plizyè faktè ak nati aranjman travay la. Tanpri ale sou sitwèb [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou resous pou ede w konprann si w ap itilize bon klasifikasyon travay pou travayè ou yo. Ou ka kontakte DCA nan [freelancer@dca.nyc.gov](mailto:freelancer@dca.nyc.gov) tou si ou gen kesyon sou klasifikasyon travay. **Men, DCA pa bay konsèy jiridik.**

## Responsablite ou

**Lwa a kouvri travayè endepandan yo kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.**

### Kontra Ekri



Tout kontra ki vo \$800 oswa plis dwe fèt alekri. Sa a gen ladan tout akò ant ou menm ak yon travayè endepandan ki totalize a \$800 nan nenpòt peryòd 120 jou. Kontra ekri yo dwe detaye travay ki gen pou fèt la; konbyen w ap peye pou travay la; ak dat w ap peye moun nan. Ou menm ak travayè endepandan an dwe kenbe yon kopi nenpòt kontra ki ekri.

### Peye Alè




Ou dwe peye yon travayè endepandan pou tout travay li fin fè. Ou dwe peye nan dat ki sou kontra a oswa avan sa a. Si kontra a pa gen yon dat peman ladan, ou dwe peye travayè endepandan an nan lespas 30 jou apre li fini ak travay la.

### Pa Pran Vanjans



Li ilegal pou penalize, menase, oswa mete travayè endepandan nan lis nwa paske yo egzèse dwa yo.

### Plent



Yon travayè endepandan ka pote yon plent avèk Biwo Règleman ak Estanda DCA a. DCA ap fè w konnen si yo depoze yon plent kont ou. Ou dwe reponn avi plent la alekri nan 20 jou. Si ou pa reponn epi si travayè endepandan an depoze yon aksyon sivil nan tribinal, jij la ap sipoze ou te komèt vyolasyon yo. *Si w gen kesyon, voye yon imèl bay [freelancer@dca.nyc.gov](mailto:freelancer@dca.nyc.gov).*

### Aksyon Sivil



Yon travayè endepandan kapab depoze yon aksyon sivil nan tribinal pou vyolasyon lwa a. Si yon tribinal twouve ou vyole lwa a, ou kapab responsab pou domaj - doub domaj pou peman ki fèt an reta oswa peman ki pa fèt; plis domaj paske ou pa te bay yon kontra ekri oswa pran vanjans - plis frè ak depans avoka.